



MALADI KOWONA (KOVID-19)

Ou ka an kontak ak viris Korona a

KARANTEN OBLIGATWA

Gouvènman Kanada pran gwo mezi pou ralanti rantre viris Kowona o Kanada e pou anpeche l gaye nan peyi a. Ou **DWE FE KARATEN POU 14 JOU, bay enfòmasyon kontak ou e verifye sentòm ou genyen** jan sa mande nan dekrè ki rele *Diminwe risk Kowona o Kanada (karanten, izolasyon ak lot redevans ankò)*— *An anglè: Minimizing the Risk of Exposure to COVID-19 in Canada Order (Quarantine, Isolation and Other Obligations)*. Tout vwayajè ki gen 5 an ou plis ki rive o Kanada pa avyon, dwe bay prèv ke li teste negatif pou Kowona. Sila ki pa bay pwèb la, yo ka mande l al nan yon zòn spesyal pou karantèn ou nan tout lot plas ke Ajan Karantèn chwazi.

N ap gen pou verifye si w swiv egzijans ki nan dokiman sa a. Moun ki pa respekte yo ka oblije transfere nan yon sant karantèn, oubyen peye amand e menm pran prizon.

Kèk Pwovens ak Tèritwa (Ou ka jwenn lis sa yo nan do fèy la) kapab genyen lòt restriksyon toujou nan zafè vwayaj. (Pa egzanp, ou ka pa ka fè vwayaj ki pa esansyèl nan pwovens lan, **gen kèk zòn ki ka gen limit nan zafè vizit**, egsetera).

KARANTEN 14 JOU A KOMANSE JOU OU RIVE A

- ✓ **Ale dirèkteman, san pran tan, nan kote w ap fè karantèn nan e rete la pou tout tan karantèn nan.**
- ✓ **Kenbe distans ou ak lòt yo tout tan.**
- ✓ **Pandan ou pral nan karantèn nan, evite rete nan wout pou pale ak lòt moun :**
 - ✓ Itilize yon machin prive, si posib.
 - ✓ Rete nan machin nan otan posib.
 - ✓ Si w ap achte gaz peye deyò nan ponp lan; si w bezwen manje, itilize sèvisovolan.
 - ✓ Mete yon mask òdinè tout tan, amwens ke ou poukont ou nan yon machin prive.
- ✓ **Ou dwe al an liy nan Canada.ca/ArriveCAN sou aplikasyon ArriveCAN lan oubyen ou ka rele nan 1-833-641-0343 pou w fè konnen :**
 - ✓ **Ke ou rive nan kote wap fè karantèn nan. Ou gen 2 jou aprè ou fin rive o Kanada pou w fè konnen sa.**
 - ✓ **Koman sentòm Kowona yo ye pou ou** chak jou jiska lafen karantèn nan.
 - ✓ Si w ap rive pa avyon e ou dwe bay prèv ke w te fè tès kowona, ou dwe kenbe yon kopi rezilta tès Kowona a tou : Kenbe yon kopi rezilta tès kovid la pandan peryod 14 jou a ki komanse jou ou rive o Kanada;
 - ✓ Bay prèv ke w fè tès la, lè yon ajan gouvènman Kanada, oubyen gouvènman pwovens lan oubyen otorite lokal yo mande li.





- ✓ Si ou rive pa avyon e ou refize fè tès la, y ap mande w pou swiv direksyon Ajan Karantèn lan e ale nan yon zòn ou nenpot plas karantèn pou 14 jou.

Si w rive pa avyon e ou pa te gen pou w te fè tès la avan vwayaj la, men yo te mande w pou fè tès la o Kanada :

- Pandan w ap tann rezilta tès la, y ap mande w ale nan yon zòn karantèn ke Ajan Karantèn nan chwazi.
- Si tès ou a negatif, yo ka pèmèt ou al fin fè 14 jou karantèn nan lakay ou;

Si ou refize fè tès la lè yo mande w li, y ap mande w swiv direksyon Ajan Karantèn nan e rantre nan yon enstalasyon karantèn ou tout lot plas karantèn pou 14 jou.

Yon bonjan plas pou karantèn, se yon plas kote ou :

- ✓ Ka jwenn sa w bezwen pou viv san w pa sòti.
- ✓ Gen yon chanm separe, si w ap vivak zanmi oubyen fanmi ki pa te vwayaje ak ou.
- ✓ Ka limite rankont ou ak lòt yo ki nan kay la. Si n ap pataje menm espas, tankou kwizin :
 - ✓ Mete yon mask si w pa ka rete a yon distans 2 mètr konsa;
 - ✓ Netwaye totalman e regilyèman plas n ap sèvi ansanm nan, lè nou fi n sèvi.
- ✓ **P ap viv ak lòt** ki gen risk maladi ki pi grav toujou.
- ✓ **Pa an kontak pwòch ak lòt** ki pa te vwayaje ak ou. Pa egzanp, pa fè karantèn nan :
 - ✓ Gwoup ou nan yon kominote, tankou kan, dòtwa, amwens ke lokal la gen otorizasyon pou sa.
 - ✓ Yon kay ki gen yon gran fanmi ou ki gen anpil moun
 - ✓ Yon ti apatman osnon yon ti kay kote tout moun ap sèvi ansanm.

Pandan w nan karantèn nan

- ✓ **PIGA** ou kite zòn karantèn nan amwens ke se pou ijans medical, yon sèvis medikal ou yon tretman esansyèl, pou w al fè tès Kowona, osnon yo otorize w deplase.
- ✓ **PIGA** ou resevwa vizitè menm si w deyò e ou rete a 2 mètr distans
- ✓ Sòti sèlman nan kote ki pèsònèl, pa egzanp : balkon...
- ✓ **PIGA** ou itilize espas ki ka gen lòt moun ladan, tankou : gran sal datant, lakou, restoran, jimnazyòm osnon pisin.

Yo ka rele w nan 1-888-336-7735 ou nan 1-888-200-4881 pou verifeye si w swiv tout prensip yo pandan 14 jou karantèn nan. W ap gen pou resevwa tou rapèl sou mesaj anrejistre ak imel.

Pran nòt ke otorite pwovens yo ak teritwa yo kapab kontakte ou tou pandan 14 jou karantèn nan. Si restriksyon pwovens lan ak teritwalan diferan de restriksyon federal la, oudwe swiv sa ki pi estrik la.



Ou DWE kontwole sante ou pandan 14 jou a

Si w kòmanse santi sentòm Kowona, tankou :

- ✓ Yon nouvo tous ou yon tous ki agrave
- ✓ Souf kout osnon difikilte pou respire
- ✓ Kò tyèd, frison ou tanperati kò a 38 degre santigrad ou plis
- ✓ Chanjman sou po ou gratèl (pou timoun)
- ✓ Doulè nan kò ak nan misk, fatig, ou feblès
- ✓ Ou pa pran gou ni lodè; e sa fèk parèt.
- ✓ Tèt fèmal
- ✓ Sentòm nan entesten tankou doulè vant, dyare, vomisman ou malèz.

Ou dwe :

- Izole tèt ou pou lòt yo imedyatman pandan 14 jou ki komanse depi moman ou gen sentom yo oubyen ke ou teste pozitif nan Korona.
- Swiv enstriksyon otorite sante lokal yo bay. (Gade pi ba)
- Peryòd 14 jou izolman an kòmanse, si pandan peryòd karantèn nan, ou vin gen lafyèv ak tous oubyen ou gen fyèv e ou gen difikilte pou respire, si tès bay ou gen kowona ou si ou an kontak ak moun ki gen sentòm yo ou ki teste pozitif ak kowona. Kenbe rezilta tès kovid la pandan peryòd 14 jou a.

Si w bezwen enfòmasyon pou w konnen si ou te ekspozè ak kowona (pa egzanp, nan kwazyè sou bato, nan avyon, transpò piblik, egsetera) oubyen sou kesyon risk ki genyen lè w ekspozè souvan a maladi a, ou a lòt maladi pi grav toujou, ou bezwen vizite Canada.ca/coronavirus.

POU EDE DIMINYE PWOPAGASYON VIRIS KOWONA A

- **Telechaje e itilize aplikasyon Kanada ki ede w swiv si w te an kontak ak viris la (Alèt Kowona/COVID Alert).**
- **Lave men ou souvan** ak savon e dlo tyèd pandan 20 sekonn oubyen itilize jèl pou men ki gen omwens 60 % alkòl ladan.
- **Evite manyen figi w.**
- **Kouvri bouch ou, nen ou ak bra w lè w ap touse ou etènye.**
- **Swiv tout lòt direksyon yo bay nan zòn w ap vizite yo.**



OTORITE SANTE PIBLIK YO

PWOVENS AK TERITWA	NIMEWO TELEFON	SIT WEB
Kolonbi Britanik	811	www.bccdc.ca/covid19
Albèta	811	www.myhealth.alberta.ca
Saskatchewan	811	www.saskhealthauthority.ca
Manitoba	1-866-626-4862	https://manitoba.ca/covid19/restartmb/prs/orders/index.html#current https://www.youtube.com/user/ManitobaGovernment
Ontario	1-866-797-0000	www.ontario.ca/coronavirus
Kebèk	1-877-644-4545	www.quebec.ca/en/coronavirus
Nouvo Bwonsvik	811	www.gnb.ca/publichealth
Nova Scotia	811	www.novascotia.ca/coronavirus/
Lil Prens Edwa	811	www.princeedwardisland.ca/covid19
Tènèv ak Labradò	811 or 1-888-709-2929	www.gov.nl.ca/covid-19
Nounavout	1-867-975-5772	www.gov.nu.ca/health
Tèritwa Nòdwès yo	811	www.gov.nt.ca/covid-19/
Youkon	811	www.yukon.ca/covid-19

Pou plis enfòmasyon :

1-833-784-4397

canada.ca/coronavirus